

Bronx ak Staten Island

Morrisania Chest Center 1309 Fulton Avenue, Room 225, Bronx
Phone 718-901-6536 / 718-901-6538

Richmond Chest Center 51 Stuyvesant Place, Room 408, Staten Island
Phone 718-983-4525 / 718-983-4526

Brooklyn

Bedford Chest Center 485 Throop Avenue
Phone 718-574-2462 / 718-574-2463

Brownsville Chest Center 259 Bristol Street
Phone 718-495-7258 / 718-495-7256

Bushwick Chest Center 335 Central Avenue
Phone 718-573-4886 / 718-573-4889

Fort Greene Chest Center 295 Flatbush Avenue Extension
Phone 718-643-4808 / 718-643-2601/3319

Manhattan

Chelsea Chest Center 303 Ninth Avenue
Phone 212-239-0919 / 212-239-1757

Washington Heights Chest Center 600 W. 168th Street, 3rd Floor
Phone 212-368-4500

Queens

Corona Chest Center 34-33 Junction Blvd
Phone 718-476-7635 / 718-476-7636

Far Rockaway Chest Center 67-10 Rockaway Beach Blvd, Room 201
Phone 718-474-2100 / 718-474-2101



New York City Department of Health & Mental Hygiene
Depatman Lasante ak Liyén Mantal Lavil Nouyòk
Biwò Kontwòl Tibèkiloz



KONTAK
AK
TIBÈKILOZ

Sant Maladi Pwatin Pa M Nan


Telefòn:

Direksyon:

Lè:

Lòt:

Kontak Ak Moun Ki Gen Tibèkiloz: Sa Ou Dwe Konnen



Kisa Tibèkiloz (TB) la ye?

Tibèkiloz se yon maladi grav ki andonmaje poumon w. Sepandan, ou kapab prevni Tibèkiloz avèk tretman. Tibèkiloz kapab geri tou.

Kijan jèm tibèkiloz (TB) la simaye?

Jèm Tibèkiloz simaye nan lè. Si w pase anpil tan ak yon moun ki TB, ou kapab respire jèm Tibèkiloz. Sa rive lè moun nan touse, estènye, pale, oubyen ri.

Jèm Tibèkiloz simaye nan lè sèlman. Yo pa tranmèt lè w bay lanmen oubyen lè w chita sou yon twalèt. Se lè w respire jèm Tibèkiloz yo kapab antre nan kò w.

Kisa Ki Rive Lè Yon Moun Gen Tibèkiloz?

Lè ou fèk respire jèm tibèkiloz nan poumon, kò w bati yon mi toutotou jèm yo pou l ka pwoteje w. Sa fè jèm yo al "dòmi" epi bloke yo pou yo pa kontinye andomaje kò w. Jèm Tibèkiloz k'ap dòmi yo rele "Tibèkiloz inaktif," e moun ki gen tibèkiloz inaktif, yo di yo fè **enfeksyon Tibèkiloz inaktif**. Jèm Tibèkiloz inaktif kapab rete ap dòmi pou lontan, pafwa pou tout yon vi. Moun ki gen Tibèkiloz inaktif p'ap santi yo malad. Yo pa kapab simaye Tibèkiloz bay lòt moun.

Sepandan, pafwa jèm Tibèkiloz yo "reveye" epi kò w pa ka pwoteje w. Lè sa rive, ou genyen **Maladi Tibèkiloz Aktif**. Sa ka fè w santi w malad anpil. Ou kapab transmèt Tibèkiloz bay lòt moun tou.

Moun ki genyen Tibèkiloz aktif kapab genyen sentòm sa yo:

- ✓ Touse pou 3 semèn ou plis
- ✓ Lafyèy oubyen frison
- ✓ Swe lannuit
- ✓ Pèdi pwa
- ✓ Santi fatig toutan
- ✓ Pèdi apeti

E Si M' Te Pase Tan Ak Yon Moun Ki TB?

Si w te pase anpil tan ak yon moun ki genyen Tibèkiloz aktif, li posib ou te respire jèm Tibèkiloz. Ou dwe fè yon tès Tibèkiloz nan po. Epitou, si w an kontak ak yon moun ki gen Tibèkiloz aktif, ou kapab bezwen fè yon tès. Tès po a se yon fason fasil pou w jwenn si jèm Tibèkiloz yo nan kò w.

Si tès la "negatif," li pi sanble ou pa genyen jèm Tibèkiloz nan kò w. Si tès la "pozitif," ou genyen jèm Tibèkiloz nan kò w. Yon tès "pozitif" vle di ou pral bezwen yon radyograf pwatrin ou ak yon konsiltasyon medikal. Tès sa yo ap montre si w genyen Tibèkiloz inaktif oubyen Tibèkiloz aktif.

E si mwen te pran vaksen BCG?

Jeneralman, vaksen BCG pa pwoteje moun kont Tibèkiloz. Ou kapab toujou genyen Tibèkiloz inaktif oubyen Tibèkiloz aktif. Menn si ou te pran vaksen BCG, w ap bezwen fè yon tès po.

Èske M' Bezwen Tretman Si M' Genyen Tibèkiloz Aktif?

Wi. Tibèkiloz aktif kapab geri ak medikaman. Si w genyen Tibèkiloz aktif, w ap genyen pou w pran medikaman pandan 6 mwa.

Ou Kapab Anpeche W Genyen Tibèkiloz

Èske M' Bezwen Tretman Pou Tibèkiloz Inaktif?

Wi. Si w genyen Tibèkiloz inaktif, jèm yo ap dòmi nan kò w. Ou pa santi w malad paske jèm yo ap dòmi. Si jèm Tibèkiloz yo reveye, ou pral genyen Tibèkiloz aktif. Ou kapab vin malad anpil. Medikaman kont Tibèkiloz inaktif touye jèm yo anvan yo reveye pou yo fè w malad.

Li enpòtan anpil pou moun ki te genyen Tibèkiloz inaktif nan 2 dènye ane yo pran medikaman.

Ki Tretman Ki Genyen Pou Tibèkiloz Inaktif?

Genyen anpil medikaman pou Tibèkiloz inaktif. Doktè w la va deside kilès ki pi bon pou ou. Tretman yo dire ant 2 a 9 mwa. Li enpòtan pou w fini avèk tretman an.

Èske M' Kapab Pase Tan Ak Fanmi M' E Zanmi M' Si M' Genyen Tibèkiloz Inaktif?

Wi. Si w genyen Tibèkiloz inaktif, ou pa kapab simaye Tibèkiloz bay lòt moun. Ou kapab travay epi al lekòl. Ou pa kapab simaye Tibèkiloz bay pitit oubyen fanmi w.

Èske m' bezwen konsiltasyon regilye?

Wi. Si y'ap trete w pou Tibèkiloz inaktif, ou dwe vini nan klinik la pou w:

- ✓ Pran medikaman w
- ✓ Asire w ou pa genyen okenn lòt efè sou kote
- ✓ Poze nenpòt kesyon ou genyen

Èske Depatman Lasante Kapab Ede M'?

Wi. Nou genyen 10 klinik ki ofri sèvis kont Tibèkiloz.

Nan klinik nou yo ou pa bezwen asirans sante. Tout sèvis yo gratis. Ou pa bezwen enkyete w pou kesyon imigrasyon. Pèsonn p'ap poze w kesyon sou estati w. Klinik nou yo bay bon jan kalite swen. Pèsonèl nou yo pale plizyè lang. Nou kapab reponn kesyon ou genyen sou Tibèkiloz. Nou kapab anpeche Tibèkiloz.